

Gid rapid pou lekòl leta Vil Nouyòk

Septanm 2017

BACK TO SCHOOL BASICS

OUVÈTI LEKÒL - ELEMEN DEBAZ



Byenveni nan kòmansman yon nouvo ane lekòl tou nèf! Itilize gid sa a pou ede oumenm ak fanmi w prepare pou ane enteresan nou pral pase a.

Kibò pou kòmansse:

1. Pran yon kopi *Achieve NYC* ki pi resan an, ki se gid ou pou lekòl leta Vil Nouyòk. Mande lekòl ou a yon kopi nan lang ou pi pito a.
2. Pale avèk kowòdonatè paran w lan. Rele lekòl la oswa ale sou sitwèb lekòl la pou jwenn enfòmasyon resan pou kontakte kowòdonatè paran an.
3. Ale sou sitwèb DOE (schools.nyc.gov), suiv nou nan Facebook, Twitter, ak Instagram ([@nycschools](https://www.instagram.com/nycschools)), epi make nouvo blòg DOE a, *The Morning Bell*, (morningbell.com), pou rete ajou avèk dènye nouvell ak enfòmasyon sou lekòl leta Vil Nouyòk.



Enskripsyon nan lekòl vil Nouyòk

Ou bezwen enskri pou yon plas nan lekòl leta Vil Nouyòk?

Pre-K: Elèv ki fèt an 2013 ka kòmansse pre-K ane sa a. Voye yon mesaj bay ekip k ap fè motivasyon pou Pre-K a nan maps.nyc.gov/prek pou mande rele w, oswa rele yo nan **(212) 637-8000**.

K-8: Itilize zouti *School Search* DOE a sou entènèt nan schools.nyc.gov/schoolsearch pou jwenn ki lekòl ki pou zòn lakay ou a.

Fanmi ki pa gen yon lekòl patikilye ki pou zòn lakay yo a sipoze ale nan yon biwo enskripsyon lokal apati 30 out rive 15 septanm oswa ale nan Sant byenveni pou fanmi ki pou zòn lakay yo a apre 15 septanm. Ale nan schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/NewStudents/WelcomeCenters pou plis enfòmasyon.

Lekòl Segondè: Jwenn plis enfòmasyon sou lekòl segondè Vil Nouyòk nan schoolfinder.nyc.gov, epi ale nan yon biwo enskripsyon lokal apati 30 out rive 15 septanm oswa yon Sant byenveni pou fanmi.

Pou plis enfòmasyon pou enskri nan lekòl leta Vil Nouyòk, tankou ki dokiman ou bezwen, ale sou pajwèb enskripsyon DOE a nan schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment, oswa rele **(718) 935-3500**.



Manje lekòl

Tout elèv ka jwenn manje maten ak manje midi ki bon ak nourisan nan lekòl yo. Ni manje maten, ni manje midi gratis kounye a pou tout fanmi.

Tout paran dwe ranpli yon fòm Aplikasyon pou manje lekòl epi voye l tounen nan lekòl la pou pi ta 29 desanm 2017. Yo voye fòm lan lakay ou oswa ou ka mande l oswa ou ka ranpli l sou entènèt na nyc.applyforlunch.com.

Konnen sa ki disponib pou manje midi chak jou nan schoolfoodnyc.org.



Mwayen transpò

Elèv nan vil ka elijib swa pou sèvis otobis jòn (kote ki genyen) oswa yon MetroCard pou trajè a mwaye pri/pri konplè. Elijiblite a baze sou nivo klas elèv la ak distans li abite avèk lekòl la.

Elèv ki gen bezwen espesyal yo ka resevwa sèvis otobis jòn si Plan edikasyon endividyèl (Individualized Education Programs, IEP) li mande sa.

Pou plis enfòmasyon, kontakte kowòdonatè pou transpò nan lekòl pitit ou a, telephone nan **(718) 392-8855** oswa ale sou schools.nyc.gov/Offices/Transportation.





Edikasyon espesyal

Nan plizyè ka, elèv ki gen IEP ka ale nan menm lekòl yo ta sipoze ale si yo pa t gen yon IEP.

Yo anseye elèv ki gen IEP yo ansanm avèk elèv ki pa gen andikap yo epi yo ba yo menm leson nan pi fò ka posib. Pou plis enfòmasyon sou edikasyon espesyal, pale avèk pwofesè pitit ou a, direktè oswa kowòdonatè paran lekòl la, oswa ale nan schools.nyc.gov/SpecialEducation.



Tradiksyon ak Entèpretasyon

Nou pale lang ou pale a ! Lekòl ka ofri fanmi sèvis entèpretasyon ak tradiksyon gratis.

Mande kowòdonatè paran oswa direktè lekòl pitit ou a si w bezwen yo ede w nan lang ou pale a. Si w gen kesyon oswa opinyon sou sèvis lang nan, rele (718) 935-2013 oswa ale nan schools.nyc.gov/hello. Pou sèvis entèpretasyon an siy pou moun ki bèbè/soud, kontakte kowòdonatè paran an oswa rele (212) 802-1500, ext. 7181.



Elèv k ap aprann lang angle (English Language Learner, ELL)

Fanmi ELL yo ka chwazi youn nan twa pwogram sa yo: Pwogram an de lang, Edikasyon bileng pou tranzisyon ak Anglè kòm yon nouvo lang. Pou plis enfòmasyon, ale sou schools.nyc.gov/ELL.



Sèvis sante

Elèv atravè tout senk borough yo gen aksè nan sèvis sante fizik ak sante mantal konplè atravè sant sante ki nan lekòl yo (School-Based Health Centers, SBHC) ak pwogram sante mantal ki nan lekòl yo (School-Based Mental Health Programs, SBMHP). Pou jwenn plis enfòmasyon sou BHC ak SBMHP yo, ale sou schools.nyc.gov/SchoolHealth.

Lekòl ka bay swen, sèvis ak akomodasyon pou elèv ki gen bezwen sante espesyal, tankou pran medikaman nan lekòl la.



Si pitit ou a bezwen sèvis espesyal, w ap bezwen pou ranpli yon fòm sante ki disponib nan lekòl ou a oswa nan schools.nyc.gov/Offices/Health/SchoolHealthForms.



Suiv pwogrè pitit ou a

Jwenn plis enfòmasyon sou pwogrè akademik pitit ou lè ou anrejistre pou yon kont lekòl Vil Nouyòk NYC Schools Account la nan MyStudent.nyc. Si w bezwen èd pou oryante w avèk kont ou a, kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a.



Sipò pou fanmi

Kowòdonatè sipò pou fanmi se pwen kontak pou fanmi ki ta renmen konsidere pwoblèm yo pa ka rezoud nan lekòl timoun yo. Ou ka konnen kiyès ki kowòdonatè sipò pou fanmi ou an nan schools.nyc.gov/superintendents.



Kalandriye lekòl

Gade kalandriye lekòl la pou 2017-2018 la nan schools.nyc.gov/Calendar.

Pou plis enfòmasyon

- ▶ Pou nouèl ki pi resan sou lekòl Vil Nouyòk, ale nan schools.nyc.gov, epi li blòg *The Morning Bell* nan morningbellnyc.com.
- ▶ Ou ka resevwa alèt regilye pa imèl si w enskri nan schools.nyc.gov/Subscribe.
- ▶ Si w gen lòt kesyon ki gen rapò avèk lekòl, rele 311.